



Kesyon Moun Poze Souvan sou Lawoujòl

Kisa lawoujòl ye?

Lawoujòl se yon maladi viral ki atrapan anpil ki lakòz lafyèv ak yon gratèl.

Kimoun ki trape lawoujòl?

Nenpòt ki moun ki pa pran vaksen ka trape lawoujòl nan nenpòt laj.

Kijan lawoujòl transmèt?

Viris lawoujòl la viv nan flèm ki nan nen ak nan gòj yon moun ki enfekte. Lè moun sa etènye oswa touse, viris lawoujòl la flite nan lè a epi lòt moun ka aspire viris la. Viris la rete aktif ak atrapan nan lè a pandan jiska dezèdtan.

Maladi a atrapan anpil — si yon moun gen maladi a, 90 pouasan nan moun ki bò kote l ap genyen l tou si yo pa vaksinen.

Ki sentòm lawoujòl?

Sentòm bonè yo nan lawoujòl gen ladan lafyèv (ki ka rive nan 103 a 105 degré Fahrenheit), tous, nen k ap koule ak je wouj k ap fè dlo. Twa (3) a senk (5) jou apre sentòm yo kòmanse, gen yon gratèl tach wouj ki parèt nan figi epi apresa li gaye sou tout kò a.

Apre konbyen tan sentòm yo parèt?

Anjeneral sentòm yo parèt nan 10 a 12 jou apre w fin aspire viris la; sentòm yo ka kòmanse depi sou sèt (7) jou oswa jiska 21 jou apre w te ekspoze.

Kilè yon moun ki gen lawoujòl ka transmèt li bay lòt moun?

Yon moun ka transmèt lawoujòl soti kat (4) jou anvan gratèl la parèt, rive jiska kat (4) jou apre gratèl la parèt.

Èske yon moun ka pran lawoujòl plis pase yon fwa?

Non. Enfeksyon an fè yon moun gen pwoteksyon iminitè pou tout rès vi l; sa vle di li pa ka pran l ankò.

Èske gen yon vaksen pou anpeche lawoujòl?

Wi. Yo bay vaksen kont lawoujòl la apati premye anivèsè yon timoun. Yo mete l ansanm avèk vaksen kont malmouton ak ribeyòl nan yon sèl vaksen ki rele MMR (lawoujòl, malmouton ak ribeyòl). Yo rekòmande yon dezyèm dòz vaksen MMR anvan timoun lan antre lekòl nan laj 4 a 6 zan. Si nenpòt moun te pran de (2) dòz vaksen kont lawoujòl, yo konsidere li gen pwoteksyon iminitè epi pa gen chans pou l pran lawoujòl.

Ki tretman ki genyen pou lawoujòl?

Pa gen medikaman presi pou trete viris lawoujòl la, men gen medikaman ki ka trete enpe nan sentòm yo, tankou medikaman pou diminye gwo lafyèv.

Èske lawoujòl ka lakòz lòt pwoblèm sante?

Yo rapòte apeprè yon tyè omwen nan ka lawoujòl gen yon konplikasyon. Pwoblèm sante lawoujòl lakòz ka gen ladan dyare, enfeksyon nan zòrèy, nemoni, kriz ak enfeksyon nan sèvo ak sistèm nève. Nan sèten ka, lawoujòl kapab lakòz lanmò. Nan fanm ansent, lawoujòl ka lakòz foscouch ak tranche anvan lè. Lawoujòl kapab grav nan tout kategori laj. Men, tibebe, jenn timoun, fanm ansent ak moun ki gen sistèm iminitè ki fèb gen plis chans pou soufri konplikasyon lawoujòl.

Kijan yo ka anpeche lawoujòl?

Pi bon fason pou anpeche lawoujòl se avèk vaksinasyon. Nenpòt ki moun ki fèt apre 1ye janvye 1957, ki pa te resevwa de (2) dòz nan yon vaksen kont lawoujòl oswa ki pa gen yon tès san ki pwouve li deja gen pwoteksyon iminitè kont lawoujòl, dwe resevwa de (2) dòz vaksen MMR (konbinezon vaksen lawoujòl, malmouton ak ribeyòl). Travayè swen sante yo oblige resevwa de (2) dòz vaksen kont lawoujòl oswa gen yon tès san ki montre yo iminize. Tout timoun ki enskri nan pwogram pre-matènèl ak nan gadri oblige resevwa yon dòz vaksen kont lawoujòl. Timoun ki enskri nan lekòl ak etidyan nan kolèj oswa nan invèsite dwe pran de (2) dòz vaksen kont lawoujòl. Apati de 13 jen 2019, yo pa pèmèt egzonerasyon reliye nan egzijans vaksinasyon lekòl ankò nan Eta New York. Lwa sa a aplike a tout timoun ki nan klas pre-matènèl rive klas 12yèm ane nan lekòl publik ak prive, enkli lekòl charter yo ak lekòl pawasyal yo, ak gadri ak lòt pwogram swen timoun. Pwogram lekòl ak swen timoun yo ap kontinye aksepte egzanpsyón medikal. Tout ansyen egzanpsyón reliye yo pa valab. Pou plis enfòmasyon sou egzijans lekòl yo, vizite schools.nyc.gov/immunization.

Èske vaksen MMR (Lawoujòl, Malmouton ak Ribeyòl) a mache?

Vaksen MMR a gen anpil sekirite ak efikasite. De (2) dòz vaksen MMR gen apeprè 97 poustan efikasite pou anpeche lawoujòl; yon sèl dòz gen apeprè 93 poustan efikasite.

Èske vaksen kont lawoujòl la gen sekirite?

Pifò moun ki resevwa vaksen MMR a pa gen okenn efè segondè. Sèten moun gen efè segondè lejè tankou lafyèv, gratèl lejè oswa glann anfle nan bò machwè oswa nan kou. Pwoblèm grav yo ra anpil. Pou jwenn plis enfòmasyon sou vaksen MMR a, vizite Immunization Action Coalition: Bilten Enfòmasyon sou Vaksen nan immunize.org/vis/vis_mmr.asp.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kote timoun ou kapab pran vaksen, rele 311.

Kikote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou lawoujòl oswa vaksen MMR?

Vizite resous sa yo sou entènèt:

Lawoujòl (Immunization Action Coalition): vaccineinformation.org/measles

Enfòmasyon Jeneral sou Lawoujòl (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi): cdc.gov/measles